



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO MEZI POU EDE PÒTORIKO AK EFÒ  
PREPARASYON ANYÈL KONT SIKLÒN YO**

*Ekspè nan matyè ajans Eta yo ki soti nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral ak Depatman Transpò pral bay poze aksyon chak ane sou tèren an pou sipòte Pòtoriko anvan sezon siklòn lan*

*DHSES pral ofri kou preparasyon entansif pou ofisyèl jesyon ijans Pòtoriko yo nan Sant Fòmasyon Preparasyon Eta New York la*

*Anons la baze sou [Sipò pou Pòtoriko](#) Gouvènè Hochul la apre efè devazatè siklòn Fiona a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York ap pran mezi adisyonèl pou ede zile Pòtoriko ak plis amelyorasyon nan kad efò preparasyon pou siklòn anvan sezon siklòn ane pwochèn lan. Pandans dega Fiona, anpil zòn sou zile a te pèdi elektrisite ak kapasite pou jwenn dlo potab. Nouvo angajman Gouvènè Hochul sa a pral asire jeneratè ijans pou enfrastrikti dlo zile a epi yo kenbe repons lokal pou ijans anvan sezon siklòn yo, sa k ap ranfòse preparasyon yo epi redwi chans pou gen aksè ak dlo potab san danje pandan tanpèt fiti yo. Pou la pwemye fwa prentan pwochèn, Sant Fòmasyon Preparasyon Eta a nan Oriskany pral bay pwogram fòmasyon ak evalyasyon avanse, entansif pou ofisyèl jesyon ijans Pòtoriken nan tout nivo gouvènman an pou ranfòse preparasyon yo ak ranfòse pwogrè yo te fè nan dènye ane yo nan repons pou ijans.

"New York ak Pòtoriko pataje yon lyen espesyal, epi eta nou an ap toujou pare pou sipòte frè ak sè nou yo nan nenpòt fason nou kapab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an fyè pou l kanpe ak Pòtoriko, epi fòmasyon sa a pral pi byen pwoteje moun, pwopriyete yo ak enfrastrikti enpòtan yo kont move tan alavni yo epi ede zile a vin gen rezistans pou ane k ap vini yo."

Mezi sa yo bati sou sipò eta bay Teritwa Pòtoriko Ameriken an apre efè devastatè Siklòn Maria an 2017 ak [Siklòn Fiona](#) an 2022. Apre siklòn Fiona nan mwa septanm sa a epi sou demann Gouvènè Pedro Pierluisi, Gouvènè Hochul te deplwaye manm ansyen nan administrasyon li a, Twoup Eta New York ak yon ekip sipò Sant Operasyon Ijans ki gen plizyè ajans nan Pòtoriko pou ede ak efò sekou yo.

Apati kòmansman ane 2023, pèsonèl Ajans Eta ki soti nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC), ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) ki gen eksperyans nan jeni ak asistans teknik pral vwayaje nan Pòtoriko pou bay antretyen chak ane sou jeneratè ijans ki sipòte dlo ak enfrastrikti repons pou ijans zile a.

Anvan sezon siklòn Atlantik ane pwochen lan, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan pral resevwa ofisyèl jesyon ijans Pòtoriken yo nan tout nivo Gouvènman nan Sant Fòmasyon Preparasyon Eta a pou yon echanj preparasyon avanse chak prentan. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans yo pral devlope kourikoulòm lan, an kolaborasyon ak tokay Pòtoriken yo, epi li ka gen ladan egzèsis fòmasyon tankou sekou rapid nan dlo ak inondasyon, rechèch ak sekou iben, operasyon ak evalyasyon teknik UAS, ansanm ak jesyon ijans ak repons pou katastwòf, ki baze sou pwofil ak bezwen konpetans stajyè yo ki soti Pòtoriko.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare,** "Gouvènè Hochul angaje l pou l sipòte Pòtoriko nan kad efò li pou rekipere li apre gwo tanpèt twopikal yo. Epi kounyeya, Eta New York pral fè patenarya ak tokay nou yo nan Pòtoriko pou asire yo gen resous ak fòmasyon yo bezwen pou yo pi byen prepare anvan pwochen Sezon Siklòn ak chak Sezon Siklòn k ap vini yo."

Fòmasyon an ta ofri tou yon atelye kolaboratif pou lidè jesyon ijans yo nan New York ak Pòtoriko pou pataje pi bon pratik pou wòl sant operasyon ijans ak òganizasyon ant de ekip yo.

Depi Siklòn Maria, New York te ede Pòtoriko jwenn plizyè milya dola nan finansman federal nan men Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) lan pou retabli ak rekonstwi enfrastrikti enèji zile a, anplis ke Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ap fè evalyasyon teknik santral elektrik ak sou-estasyon nan zile a. Apre siklòn Fiona, ki se pi move tanpèt ki te frape zile a depi apre siklòn Maria, Gouvènè Hochul te anonse [mezi Eta New York yo](#) pou ede Pòtoriko nan efò sekou yo. Efò sa yo ranfòse davantaj angajman long dat New York pou ede Pòtoriko nan rekonstriksyon ak rekiperasyon li.

### **Apwopo Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a**

Eta New York abrite youn nan prensipal sant fòmasyon pou premye entèkansyon nan nasyon an - ki se [Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta \(State Preparedness Training Center, SPTC\)](#) nan Oriskany. Sitiye sou 445 eka, Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a ofri yon vas seri sit fòmasyon reyalis, yon sit Fòmasyon Inondasyon Dlo Viv (Swift Water and Flood Training, SWFT), yon konplèks CityScape 45,000 pye kare, ak yon similatè Rechèch ak Sovtaj Iben (Urban Search and Rescue, USAR). Soti nan konferans ak diskisyon nan sal klas yo, pase nan liy devlopman konpetans, yo rive nan reyalyte ak fòmasyon ki baze sou senaryo wo pèfòmans, Sant Fòmasyon pou

Preparasyon Eta a ofri ajans eta, lokal ak federal yo yon seri opòtinite pou fòmasyon dinamik nan kad premye entèvansyon ijans.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York](#) la ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [Twitter](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite sit entènèt nou an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418